

RISE Miami-Dade Fund

(Re-Investing in our Small Business Economy oswa Re-Envestisman nan Ekonomi Ti Biznis nou an)

Kesyon Yo Poze Souvan

Ki objektif RISE Miami-Dade Fund genyen?

Kriz COVID-19 la fòse kominote komèsyal la konfwonte kokennchenn defi. Mèt ti biznis yo sitou ap fè fas ak sikonsans ki difisil anpil. RISE MD Fund lan konsantre sou ede ti biznis yo nan Konte Miami-Dade pou yo kòmanse etap redrèsman an nan aktivite ekonomik yo gras a prè ki gen to enterè ba.

Kiyès ki kalifye?

- Biznis ki gen bi fè pwofi ki gen syèj sosyal yo nan Konte Miami-Dade.
 - Plis pase 50% aksyon yo dwe gen rezidans prensipal nan Konte Miami-Dade.
- Ap fonksyone depi omwen 2 ane (konte apati de kòmansman ane a).
- Yon revni pa ane ki kapab verifye epi ki pi piti pase \$2.0M ak mwens pase 25 Anplwaye (sa gen ladan 1099 yo).
- Yon Nòt Kredi ki pi wo pase 575 san fayit ni sezi pandan 3 dènye ane yo.
- N ap bay biznis ki pa t resevwa finansman nan men ankenn pwogram federal oswa eta priyorite.

Èske biznis mwen an kapab fè demann si mwen respekte kèk, men pa tout, nan Kondisyon Kalifikasyon yo?

Non, biznis la dwe respekte TOUT Kondisyon Kalifikasyon yo pou li fè demann.

Mwen gen plis pase yon sèl biznis nan Konte Miami-Dade. Èske mwen kapab mande plis pase yon prè?

Non, yon sèl prè pa anprentè/biznis.

Kisa kondisyon prè a ye?

- Montan: maksimòm nan pa anprentè se \$30,000 oswa 50% revni lane pase a (kèlkeswa sa ki pi ba a).
- Kalkil: 6 fwa dènye lwave pa mwa a pou lokasyon komèsyal. Si biznis la chita lakay, 3 fwa dènye lwave (peman) pa mwa lwave (oswa peman ipotèk) rezidansyèl la.
- To: Fikse a yon To Preferansyèl (kounye a 3.25%).
- Yon peryòd gras pou premye peman an: 3 mwa apre kloti an (san akimilasyon enterè).
- Peryòd: 3 ane (36 mwa).
- Pa gen penalite si w peye pi bonè.

Èske ranbousman prè a se sou kondisyon?

Non, prè yo bay nan kad pwogram RISE la PA gen ranbousman sou kondisyon. Anplis de sa, n ap egzije garanti pèsonèl nan men tout pwopriyetè ki gen omwen 20% aksyon.

Pou ki bagay biznis mwen an kapab sèvi ak fon prè a?

Ou kapab sèvi avèk fon prè a pou peman/salè anplwaye; envantè; fin peye dèt ki gen enterè wo; peman lokasyon komèsyal, ipotèk oswa lwave; sèvis publik; ak lòt depans w oblige fè poutèt nouvo dispozisyon pou sekirite yo.

Kisa pwosesis la ye?

1. Fè demann sou entènèt la.
2. Yon Pretè ap kontakte w apre sa.
3. Pretè a ap mande dokiman epi planifye yon koutfil.
 - a. Gade 'Ki dokiman m ap bezwen?'
4. Lè Pretè a gen tout dokiman li mande w yo epi w fin reponn tout kesyon yo, l ap ba w akseptasyon/refi preliminè.
5. Si l apwouve w, l ap voye dokiman yo pou Bayè de Fon an (DCFCU) pou konfime kalifikasyon w ak



finansman an.

ki dokiman mwen bezwen pou m fè demann nan?

Lè w fin ranpli demann nan, y ap kontakte w epi mande w dokiman ki annapre yo:

- Kopi yon pyès idantite ki pa ekspire (kat rezidans oswa paspò ameriken)
- Kopi kontra lokasyon siyen an (komèsyal oubyen rezidansyèl) oswa prè ipotekè a
- Kopi deklarasyon taks pèsonèl ou pou 2018 ak 2019
- Kopi deklarasyon taks federal pou biznis la pou 2018 ak 2019
- Relvedkont bankè biznis la ant kòmansman ane a ak kounye a
- Pwofi ak Pèt ant kòmansman ane a ak kounye a (ak pou 2019 si w poko deklare taks)
- Resi Fiskal Biznis la

Kisa Resi Fiskal pou Biznis Konte Miami-Dade la ye?

Yon Resi Fiskal pou Biznis se pèmi Pèseptè Konte Miami-Dade la ba ou pou mennen yon biznis nan Konte a. Yo rele l tou "Patant". Si w pa gen Resi Fiskal pou Biznis, ou pa gen bonjan otorizasyon pou mennen biznis nan Miami-Dade, sa ki fè w pa kalifye pou prè a. Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Pèseptè Konte Miami-Dade la nan 305.270.4949. Oswa, ou kapab fè demann nan sou entènèt nan www.miamidade.gov.

Kijan yo mennen pwosede kloti an?

Lè DCFCU fin resevwa dosye konplè a nan men Pretè a, gen yon analis kredi ki pral gade dosye prè a pou verifye li respekte règleman yo epi apwouve dosye a pou finansman.

Ki dokimantasyon ki nesèsè pou pwosede kloti an?

Tout dokimantasyon ki sèvi pou garanti prè a sa gen ladan, pamì lòt, sa ki nan lis "Ki dokiman mwen bezwen pou fè demann nan?" Anplis de sa, n ap bezwen kopi rapò ki sèvi pou otantifye konsomatè a (CIP) ak dokimantasyon verifikasyon OFAC la.

Kisa yo rele Biwo Kontwòl Aktif Etranje a (Office of Foreign Asset Control, OFAC)?

Biwo Kontwòl Aktif Etranje a (OFAC) se yon depatman nan Trezò Ameriken an ki aplike sanksyon ekonomik ak komèsyal kont peyi ak gwoup moun ki patisipe nan teworis, nakotik ak lòt move aktivite.

Kijan m ap resevwa fon mwen yo?

Lè w fin jwenn akseptasyon preliminè pou prè a, Pretè a pral voye yon fòmilè kote w kapab chwazi resevwa fon yo pa chèk, ACH, oswa transfè.

Si yo apwouve l, nan konbyen tan biznis mwen an ap resevwa prè li an?

Lè DCFCU fin resevwa dosye konplè a, depi tout dokimantasyon obligatwa a nan dosye a, epi prè a apwouve, w ap resevwa finansman an nan 24-48 èdtan apre akseptasyon an. Sa depann de satisfaksiyon ajan finansman an avèk otantifikasiyon konsomatè a ak verifikasyon OFAC la.

Kisa ankò pou m sonje?

- Pa prese depoze demann nan. Se yon pwosesis ki gen de etap, ranpli demann nan, epi apre sa yon Pretè ap kontakte w.
- Pandan w ap tann Pretè a, kòmanse rasanble tout dokiman obligatwa yo epi sovgade yo sou fòm fichye PDF oswa JPEG pou yo kapab pare lè yo mande w yo.
- Sovgade travay ou souvan.
- Verifye ou reponn chak kesyon kòrèkteman.